दिन—शनिवार                                                                                                  दिनांक—29.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ                                                                                 अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि रवि दिन सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रमक एक सय अट्ठाईसम संस्करण मे देश—विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। कार्यक्रम के आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क, आकाशवाणी समाचारक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल एप पर प्रसारित कयल जायत। कार्यक्रम के प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटीक प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। एकर सीधा प्रसारण आकाशवाणी समाचार, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू ट्यूब चैनल पर कयल जायत। आकाशवाणी सँ हिन्दी मे एकर प्रसारणक बाद आकाशवाणी दरभंगा सँ मैथिली मे एकर प्रसारण होयत। जकरा राति दोबारा आठ बजे सेहो सुनल जा सकत।

---

केन्द्र सरकार सोम दिन सँ शुरू भऽ रहल संसदक शीतकालीन सत्र सँ पहिने काल्हि रवि दिन सर्वदलीय बैसार बजौलक अछि। संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू जनौलनि जे बैसार मे सरकार सत्रक क्रम मे लोकसभा आ राज्यसभाक सुचारू संचालन के सुनिश्चित करबाक लेल सभ राजनीतिक दल सँ सहयोग मांगत। शीतकालीन सत्र उन्नैस दिसंबर धरि चलत।

---

एम्हर, अठारहम विधानसभाक प्रथम सत्र एक दिसंबर सँ शुरू भऽ रहल अछि। इएह सत्र सँ विधानसभाक सभ काज कागजविहिन भऽ जायत। प्राप्त जनतबक अनुसार विधायक अपन मेज पर लागल टैब सँ सवाल अथवा पूरक प्रश्न पूछि सकताह। नेवा योजनाक अंतर्गत विधान परिषदक बाद विधानसभाक कार्यवाही मे सेहो कागजक उपयोग के समाप्त कयल जा रहल अछि। दोसर दिस पांच दिवसीय सत्र मे विधानसभा भवनक सुरक्षा आ कानून—व्यवस्था बनौने रखबाक लेल विशेष प्रबंध कयल गेल अछि। पटना सदरक अनुमंडल पदाधिकारी गौरव कुमार विधानसभाक लऽगपास कोनो प्रकारक प्रदर्शन, जुलूस आ नाराबाजी पर रोक लगेबाक आदेश जारी कयलनि अछि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव विधानसभा मे महागठबंधन विधायक दलक नेता हेताह। महागठबंधनक विधायक दलक आइ भेल बैसार मे ई निर्णय लेल गेल। पटना मे आयोजित बैसारक बाद राजद नेता भाई विरेन्द्र जनौलनि जे बैसार मे ई निर्णय लेल गेल जे सदन मे महागठबंधनक विधायक लोकनि एकजुट भऽ सरकारक गलत निर्णयक विरोध करताह। बैसार मे राजदक पच्चीस आ कांग्रेस, वाम दल तथा आईआईपीक नव निर्वाचित विधायक लोकनि भाग लेलाह।

---

सूचना प्रावैधिकी सह–खेल मंत्री श्रेयसी सिंह कहलनि अछि जे राज्य मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता–एआईक व्यापक उपयोग लेल कार्योजना बनाओल जा रहल अछि। सुश्री सिंह आइ आकाशवाणी समाचार सँ बातचीत मे कहलनि जे राज्य मे तीन ठाम एआई सेंटर ऑफ एक्सिलेंसक स्थापना कयल जायत। खेल विभागक जिम्मेदारीक चर्चा करैत ओ कहलनि जे राज्य मे **मेडल लाओ नौकरी पाओ** योजनाक अंतर्गत खेलाड़ी लोकनि के विशेष प्रोत्साहन देल जा रहल अछि। सुश्री सिंह कहलनि जे राजगीर क्रिकेट स्टेडियमक निर्माण काज जल्दीए पूरा हेबाक बाद एहिठाम अंतर्राष्ट्रीय क्रिकेट मैच आयोजित करबाक लेल बीसीसीआई सँ संपर्क कयल जायत।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति दू हजार छब्बीसक परीक्षा कैलेंडर जारी कऽ देलक अछि। दू फरवरी सँ इंटरमीडिएट आ सत्रह फरवरी सँ मैट्रीकक परीक्षाक आयोजन कयल जायत। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि जे बोर्डक परीक्षा मे पहिल बेर एआई–चैटबॉटक प्रयोग होयत, जाहि सँ छात्र–छात्रा के परीक्षा सँ संबंधित जनतब आसानी सँ प्राप्त भऽ सकत।

---

दरभंगा मे प्रमंडलीय आयुक्त कौशल किशोरक अध्यक्षता मे प्रमंडल स्तरीय खाद्य–आपूर्ति के लऽकऽ बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे दरभंगा, मधुबनी आ समस्तीपुर जिलाक वरिष्ठ पदाधिकारी लोकनि भाग लेलाह। एहि मे आयुक्त द्वारा सहकारिता पदाधिकारी के निर्देश देल गेल जे धान अधिप्राप्ति मे किसान लोकनि के कोनो दिक्कत नहि होबय।

————————————————————————————————

समस्तीपुरक कर्पूरी सभागार मे दू दिवसीय युवा महोत्सवक आयोजन कयल गेल। एहि मे कतेको नामी कलाकार लोकनि भाग लेलनि। कार्यक्रमक उद्‌घाटन जिला पदाधिकारी रोशन कुशवाहा आ आनो पदाधिकारी संयुक्त रूप सँ कयलनि।

————————————————————————————————

कटिहार रेल पुलिस सहरसा रेलवे स्टेशन सँ एक नाईजिरियन नागरिक के गिरफ्तार कयलक अछि। रेल पुलिस अधीक्षक हरिशंकर कुमार जनौलनि जे गिरफ्तार युवक लऽग पासपोर्ट, वीजा आ कोनो वैद्यानिक दस्तावेज नहि भेटल अछि, जाहि कारणे हुनक गिरफ्तारी कयल गेल।

————————————————————————————————

समाप्त